
SAT School Day Paper Test Directions Essay

Standard Time Script

Notes to the Proctor

Using this document on test day:

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or printed in their test book. Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period. Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

Nòt pou Etidyan an

Sa ki suiv lan se yon tradisyon enstriksyon siveyan ou an pral li fò yo, ansanm ak enstriksyon ekri yo ki nan liv tèl ou an. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li enstriksyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an, toutfwa, enfòmasyon ki apwopriye an rete menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tèl lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tèl lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tèl lan.
- Ou PA gendwa itilize dokiman sa a pou papyè bwouyon.
- Nan plizyè fwa, siveyan ou an pral anonse tan ki rete an nan seksyon an, ansanm ak poz yo lè li apwopriye. Si ou ap pase tèl ak yon aranjman ki apwouve, anons sa yo gendwa diferan ak kwonometraj ak poz ki sou lis nan dokiman sa a ki tradui an. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo.
- Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:



Enfòmasyon enpòtan



Enstriksyon ou jwenn nan liv tèl ou an

Tout tèks ki sonb yo endike enstriksyon siveyan ou an di.

Kontni

Notes to the Proctor 1

Nòt pou Etidyan an 2

Byenvini nan Tès lan 4

Règ Tès yo ak Konsekans yo 4

Konfime Aparèy Pèsonèl yo Fèmen 5

Prepare Biwo yo pou Tès 5

Verifye Eleman yo sou Biwo yo 5

Distribisyon Dokiman Tès lan 5

Enstriksyon Siveyan an pou Paper Test Taker Administration Instructions 6

Seksyon pou Nòt yo Bay nan Telefòn yo 6

Avi sou Konfidansyalite ak Kesyon Opsyonèl 7

Prezansyon ak Connections Program la 7

Chwazi Enstitisyon pou Voye Nòt SAT yo Gratis 7

Angajman ak Sekirite Tès lan epi Finisyon an 7

Enstriksyon Anplis pou Tès lan 8

Pwen Final yo Anvan Tès lan 8

Enstriksyon pou Kouvèti Do an 10

Kòmanse Tès lan 11

Seksyon Lekti ak Redaksyon: Modil 1 11

Enstriksyon pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an 11

Pandan Modil lan 11

Seksyon Lekti ak Redaksyon: Modil 2 12

Enstriksyon pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an 12

Pandan Modil lan 12

Aprè Modil 2 12

Seksyon Matematik: Modil 1 13

Enstriksyon pou Modil 1 nan Matematik lan 14

Pandan Modil lan 15

Seksyon Matematik: Modil 2 15

Enstriksyon pou Modil 2 nan Matematik 16

Pandan Modil lan 17

Aprè Modil 2 17

Seksyon Disètasyon nan SAT an 17

Anvan Disètasyon an 17

Distribisyon Dokiman Disètasyon yo 18

Kwonometre Disètasyon an 19

Ranvwa 20

Anvan Ranvwa 20

1 Byenvini nan Tès lan

Lè ou pare pou ou kòmanse, siveyan ou an pral di:

Bonjou. Jan nou konnen l, nou la pou nou pase SAT lan. Felisitasyon dèske ou pran etap enpòtan sa a nan sans objektif ou yo pou fakilte ak karyè ou.

Anvan ou kòmanse tès lan, mwen pral li kèk enstriksyon epi distribye kèk livrè enfòmasyon pou ou analize epi ranpli. Sa ta dwe pran anviwon 30 minit. Tanpri koute ak atansyon epi leve men ou si ou gen nenpòt kesyon. Sonje, wòl mwen se pou asire ou gen pi bon opòtinite pou demontre kapasite ak konesans ou.

1.1 Règ Tès yo ak Konsekans yo

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Règ Tès College Board SAT yo gen ladan yo règ ak politik pou asire tout elèv yo gen yon eksperyans tès ki jis epi egal. Nou tout nan sal sa a jodi an responsab pou ede w fè sa rive. Si nenpòt moun deranje lòt moun oswa eseye jwenn yon avantaj ki pa jis, mwen ap mande yo kite sal lan, e nòt yo ap anile. Yo gendwa anpeche yo tou pou pran lòt tès College Board alavni.

Siveyan ou an pral drese yon lis egzanp vyolasyon règ lè li di:

Men kèk egzanp avantaj ki pa jis:

- Bay, tante bay oswa resevwa èd nenpòt kalite
- Feyte liv tès lan anvan lè an kòmanse.
- Gade nenpòt modil apa sa nou sou li aktyèlman
- Make oswa chanje repons apre lè an rive
- Tante retire dokiman tès yo nan sal tès lan
- Posede yon telefòn mobil oswa tout lòt èd ki pa otorize pou pase tès swa pandan tès lan oswa pandan poz yo
- Posede yon kle repons oswa pataje repons ak nenpòt moun pandan oswa apre tès lan
- Ale nan yon kazye oswa kite batiman an pandan tès lan, ki gen ladan pandan yon poz
- Tante pase tès lan pou yon lòt moun
- Manje oswa bwè pandan tès lan san yon aranjman ki apwouve pou fè sa.
- Lakoz yon deranjman
- Enkapasite pou suiv pwosedi tès yo

Politik sa yo ede asire eksperyans tès ou an jodi an jis epi ou ka konsantre ou sou pwòp tès ou an san distraksyon.

Si ou wè nenpòt bagay ki ba w enkyetid, tanpri pale ak mwen oswa yon lòt manm pèsònèl lan apre tès lan, e nou ap ede ou ak nenpòt pwochen etap.

Èske gen kesyon sou nenpòt sa m di jiskaprezan?

1.2 Konfime Aparèy Pèsonèl yo Fèmen

Ansuit, siveyan ou an ap di:

Nou bezwen asire nou tout aparèy elektwonik yo etenn. Sa gen ladan l telefòn, mont ak alam, mont entelijan, tablèt, òdinatè oswa nenpòt lòt aparèy elektwonik.

Si ou te deja estoke yon aparèy epi ou pa sèten si ou te etenn li, leve men ou epi mwèn ap kite w reverifye si li etenn.

Siveyan ou an ap raple elèv yo politik sou aparèy elektwonik yo lè l di:

Si gen moun ki gen yon telefòn oswa lòt aparèy ki fè bri, menm si yo te ranmase l, oswa si gen yon moun ki gen aksè ak nenpòt aparèy ki entèdi nenpòt kilè, ansanm ak pandan poz yo, mwèn ap mande yo soti. Nòt yo ap anile epi yo ap sezi aparèy yo an. Sa ka pote anpil distraksyon, kidonk tanpri gen konsiderasyon pou lòt elèv yo nan sal lan epi panse anpil ak nenpòt aparèy ou te pote jodi an. Leve men ou si ou toujou gen yon aparèy ak ou nan biwo w. Sa yo dwe fèmen, ak alam yo ki dezaktive, epi ranje yo lwen biwo yo. Yo ap remèt yo nan fen tès lan.

1.3 Prepare Biwo yo pou Tès

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Mèsi dèske ou fè atansyon ak enstriksyon sa yo. Kounya, nou pral debarase biwo nou pou tès lan.

Si ou te pote pil anplis, bwason oswa ti goute, mete yo atè an anba biwo ou an.

Sou biwo w, ou ta dwe gen kreyon, kalkilatri ak kalkilatri ranplasman ki akseptab, si ou te pote yo, epi nenpòt èd pou pase tès ou gen apwobasyon pou itilize antanke yon aranjman. Tanpri retire nenpòt lòt bagay sou biwo ou epi mete yo nan valiz ou yo devan oswa akote sal lan.

Aprè biwo yo vid ak tout bagay ki entèdi yo, siveyan ou an ap di:

Mèsi. Mwen pral pran yon moman kounya pou mwèn gade epi asire m nou ap itilize kalkilatri ki akseptab yo.

1.4 Verifye Eleman yo sou Biwo yo

Aprè siveyan ou an apwouve tout aparèy yo, siveyan ou an ap di:

Tanpri sonje ou pa gendwa pataje oswa fè echanj kalkilatri nan okenn moman. Mete kalkilatri ou an ak nenpòt lòt kalkilatri ranplasman anba biwo ou kounya. Ou pa p bezwen kalkilatri pou premye seksyon tès lan.

1.5 Distribisyon Dokiman Tès lan

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Kounya mwèn pral bay yon liv tès ak chak grenn nan nou. Poko ouvri l.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Ale nan do liv tès ou an epi ekri siyati ou, prenon ou, ak dezyèm prenon ou, si ou gen youn. Apresa ekri kòd 6 chif lekòl sa a [*siveyan ou an pral ba ou kòd lan*], non lekòl lan ak nimewo sal sa a (oswa non).

1.6 Enstriksyon Siveyan an pou Paper Test Taker Administration Instructions

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Kounywa mwen pral distribye yon kopi Paper Test Taker Administration Instructions (Enstriksyon sou Administrasyon pou Moun k Ap Pase Tès sou Papye an) bay chak grenn nan nou.

Pou esplike ti liv lan, siveyan ou an pral di:

Tès ou pral pase an se yon fòm papye SAT nimerik lan. Gen enfòmasyon elèv yo bay epi resevwa nan Bluebook™, aplikasyon nimerik pou tès lan, ou bezwen wè tou epi reponn. Ti liv mwen fenk ban nou an gen enfòmasyon sa a ladan l.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Repons ou yo jan sa make nan liv tès ou an ap transkri nan Bluebook apre ou fini pase tès. College Board bezwen alafwa moun k ap pase tès yo ak pèsònèl pou verifye apwobasyon pou transkripsyon sa a e repons ki transkri yo montre repons otantik moun k ap pase tès yo pou kesyon tès yo. Ouvri ti liv lan nan paj 3 epi li anba "Elèv lan Kòmanse La." Suiv enstriksyon yo, ki gen ladan yo ranplisaj kèk enfòmasyon ki sou paj kouvèti an. Leve men ou si ou bezwen èd pou jwenn tout enfòmasyon ki obligatwa. Lè ou fini, depoze kreyon oswa plim ou epi gade.

Siveyan ou an pral analize kontni ti liv lan ak ou lè l di:

Kounya tounen nan paj 3. Anba "Complete Your Info" ("Ranpli Enfòmasyon Ou yo") ou ap wè yon lis bagay pou analize epi konfime nan livrè sa a. College Board bezwen ou analize deklarasyon konfidansyalite yo ak règ tès yo epi dakò ak yo anvan ou pase tès lan. Dabò ou ap wè "Use of the Bluebook App." ("Itilizasyon Aplikasyon an.") Seksyon sa a esplike fason sèten done ranmase nan aplikasyon Bluebook lan e bay kiyès li ka divilge. Ou bezwen dakò ak itilizasyon sa yo pou repons ou yo transkri nan fen tès lan.

Yon fwa ou fin koche kaz lan nan paj 4 lan pou dakò ak politik aplikasyon Bluebook lan, ou ap gen anviwon 15 minit pou lie pi dakò ak Testing Rules and the Privacy Statement (Règleman Tès lan ak Deklarasyon sou Vi Prive an). Lè ou rive nan antèt lan "Indicate Your Acceptance of Testing Rules" ("Montre Akseptasyon Ou ak Règ Tès yo") tanpri koche kaz ki akote "I have read and I accept these rules." ("Mwen te li epi aksepte règ sa yo.") Apresa depoze kreyon oswa plim ou an epi gade. Si nenpòt lè ou gen yon keyson, tanpri leve men ou.

1.6.1 Seksyon pou Nòt yo Bay nan Telefòn yo

Ak tout elèv yo, siveyan an pral di:

Pwochen seksyon an esplike yon nouvo aplikasyon mobil ki kite w wè nòt ou yo atravè telefòn ou. Ou ka jwenn resous tou pou fakilte ak karyè. Tanpri li enfòmasyon yo apwopo BigFuture School. Si ou vle jwenn askè ak li, tanpri founi nimewo mobil ou. Nimewo telefòn mobil ou founi an dwe yon nimewo Ozetazini. Founi yon adrès imèl rekiperasyon pou pèmèt College Board detekte nenpòt sousi ou genyen pou ou jwenn aksè ak aplikasyon an.

Lè ou fini ak paj sa a, tanpri depoze kreyon oswa plim ou an epi gade anlè.

1.6.2 **Avi sou Konfidansyalite ak Kesyon Opsyonèl**

Lè tout elèv yo pare, siveyan ou an pral di:

Anvan ou kòmanse founi enfòmasyon, tanpri li enfòmasyon ki anba antèt lan "Privacy Notice" ("Avi sou Konfidansyalite"). Avi sou Vi Prive sa a dekri fason College Board gendwa itilize enfòmasyon ou gendwa founi epi bay kiyès li gendwa divilge." Avi sou Vi Prive sa a dekri fason College Board gendwa itilize enfòmasyon ou gendwa founi epi bay kiyès li gendwa divilge. Si ou deside reponn kesyon opsyonèl yo, vire paj lan epi kòmanse. Ou pral wè kesyon ki pote etikèt "Your Contact Info" ("Enfòmasyon Kontak Ou yo"), "Tell Us About Yourself" ("Pale Nou Sou Tèt Ou"), "What Are Your Academic Goals" ("Ki Objektif Akademik Ou yo"), ak "Tell Us About Your Family" ("Pale Nou Sou Fanmi Ou"). Ou pral wè nòt sou rezon College Board mande enfòmasyon sa a, epi fason yo pral itilize l prezizeman ak chak kategori kesyon. Tout kesyon yo opsyonèl.

Lè ou fini, tanpri depoze kreyon oswa plim ou epi gad anlè.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Tanpri vire paj lan.

1.6.3 **Prezansyon ak Connections Program la**

Si elèv yo nan zòn lekòl ou an kalifye pou patisipe nan yon opòtinite ki rele "Connections", siveyan ou an ap li tèks ki suiv lan. Sinon, yo ap sote pou al nan Chwazi seksyon Enstitisyon yo pou Voye Nòt SAT yo Gratis pi devan nan paj sa a.

Siveyan ou an pral vire nan paj Prezantasyon Connections lan lè l di:

Kounya vire paj lan epi li apwopo yon nouvo pwogram College Board ofri ki rele Connections. Li sou objektif pwogram lan ak fason li fonksyone. Si ou vle patisipe, mete yon siy koche nan kaz lan nan paj sa a. Remake patisipasyon se yon bagay volontè, e ou ka chwazi pa ladan l nenpòt kilè. "

1.6.4 **Chwazi Enstitisyon pou Voye Nòt SAT yo Gratis**

Siveyan ou an pral pale sou voye nòt SAT yo gratis lè l di:

Lè pran SAT an, ou ka chwazi jiska kat fakilte oswa pwogram bousdetid pou voye nòt ou an ale gratis. Tanpri li sou opòtinite sa a. Pandan nou ap li sou li, mwen ap bay nou chak yon ti liv ki drese lis non enstitisyon nou ka chwazi pou voye nòt nou yo bay. Suiv enstriksyon yo pou itilize ti liv sa a ki nan paj "Send Your SAT Score for Free (Voye Nòt SAT Ou an Gratis)".

Etap sa a opsyonèl. Si ou pa swete voye nòt ou yo, tanpri chita san fè bri jouk lòt moun yo fini. Lè ou fini, mete ti liv *Score Sends Code List (Lis Kòd pou Voye Nòt)* lan anba biwo ou an epi gade anlè.

Siveyan ou an pral bay yon ti liv *Score Sends Code List (Lis Kòd pou Voye Nòt)* ak chak grenn elèv.

1.6.5 **Angajman ak Sekirite Tès lan epi Finisyon an**

Pou fè elèv yo respekte angajman sekirite tès lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri li twa règ ki aplike ak tè nou pral pran la. Pou make angajman nou ak règ sa yo, ekri ak men nou angajman ak sekirite tès yo bay lan anba lis règ yo. Lè ou fini, tanpri depoze kreyon oswa plim ou an epi gade.

Siveyan ou an pral fini pou di:

Nou prèske fini ak livrè sa a. Tanpri vire nan do liv tè s ou an epi swa ajoute oubyen konfime kat enfòmasyon ki liste yo anba Konfime Enfòmasyon Ou yo nan Liv Tès Ou an." Enfòmasyon sa a pral ede College Board fè koresponn liv tè s ak repons ou yo ak transkripsyon ou an. Lè ou fini, tanpri depoze kreyon ou epi gade anlè.

Lè tout elèv fin ranpli paj lan, siveyan ou an ap di:

Mèsi dèske nou ranpli enfòmasyon sa a. Tanpri fèmen livrè ou an epi mete l anba biwo ou an.

1.7 Enstriksyon Anplis pou Tès lan

Siveyan ou an gendwa li enstriksyon anplis pou tè s lan ba ou oswa pèsònèl soutyen an. Sinon, yo ap sote pou al nan Pwen Final yo Anvan Tès lan.

Siveyan ou an gendwa li enstriksyon apati seksyon sa a si yo aplike. Apresa yo pral kontinye nan Pwen Final yo Anvan Tès lan, anba.

Ak yon lektè, siveyan ou an ap di:

Li enpòtan pou li sèlman sa ki nan tèks lan. Pa bay espikasyon anplis sa ki nan tèks lan, menm si elèv lan mande l. Si elèv lan apwouve pou desen ki gen liy ki monte yo, ou ka ede yon elèv ki pa li braille entèprete etikèt ak nonb ki akonpanye desen ki gen liy ki monte. Etikèt ak nonb yo bay ak chema yo twouve yo nan anplasman ki koresponn ak yo nan liv tè s ki gen karaktè nòm al epi gwo karaktè yo. Èske ou gen kesyon sou pwosedi yo?

Ak yon ekriven/transkriptè, siveyan ou an ap di:

Tanpri suiv enstriksyon sa yo:

Nou dwe ekri sèlman sa etidyan an dikte an. Ou pa ka ensite elèv lan nan yon fason ki ta debouche sou yon repons diferan.

Ak yon elèv k ap itilize yon ekriven/transkriptè, siveyan ou an ap di:

Yo ap anrejistre repons nou yo ak nenpòt koreksyon pandan nou ap dikte yo. Si nou vle revize travay nou an, yo pral li repons nou yo pou nou. Èske ou gen kesyon?

Ak yon elèv ki ap itilize braille ak desen ki gen liy ki monte yo, siveyan ou an ap di:

Tès braille lan divize an plizyè liv. Yo ap ba ou 1 liv alafwa. Nan tout tè s lan, chak kesyon separe ak lòt avèk yon liy. Chak kesyon kòmanse nan selil 1, ak "runovers" yo ki kòmanse nan selil 5. Chak chwa repons kòmanse nan selil 3, ak "runovers" yo ki kòmanse nan selil 5.

Braille lan se an Braille Anglè ki Inifye (Unified English Braille, UEB). Modil matematik yo nan Kòd Nemeth lan ki revize an 1972. Liv braille pou referans matematik lan gen ladan l fòm il matematik ak enstriksyon pou itilizasyon ak tout seksyon matematik yo. Tès ou an gen ladan l desen ki gen liy ki monte pou koub ak chema yo ki sèvi nan tè s lan. Modil Lekti ak Redaksyon yo nan braille nivo 2 regilye an. Èske ou gen kesyon sou pwosedi yo?

1.8 Pwen Final yo Anvan Tès lan

Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Ou pral kòmanse tè s lan nan kèk minit, apre mwen li kèk pwen final.

Pandan tès lan, kenbe liv tès nou an kouche sou biwo nou. Si nou jwenn yon defo, leve men ou e m ap vini kote ou.

Après siveyan ou an pral di:

Gen 2 seksyon tès kote yo chak fèt ak 2 modil. Tès lan kwonometre selon modil. Mwen ap afiche lè kòmanse ak fen yo pou chak modil ki kwonometre la [*siveyan ou an ap montre kote enfòmasyon sa a ap afiche*], e mwen ap anonse lè gen 5 minit ki rete nan chak modil.

Mwen ap mache nan sal lan detanzantan pou asire tout moun ap travay sou modil ki kòrèk lan. Pou tès sa a, ou ka travay sèlman sou 1 modil alafwa. Sa gendwa diferan ak sa ou abitye, kidonk asire w pou ou pa avanse oswa tounen nan liv tès lan, menm si ou fini modil aktyèl lan.

Yon fwa tès lan fini, tanpri rete chita epi pa kite sal lan jouk mwen ranvwaye nou.

Si ou gen nenpòt kesyon final, ou gendwa poze yo kounya.

1.9 Enstriksyon pou Kouvèti Do an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon kouvèti do liv tè s ou an. Lè yo ba w enstriksyon, ou ta dwe ekri sou liv tè s ou an, pa sou dokiman sa a.

Non ou (nan karaktè enprimri)	SIYATI	PRENON	INISYAL DEZYÈM PRENON
Sant tè s/Lekòl	NIMEWO LEKÒL	NON LEKÒL LAN	NIMEWO/NON SAL TÈ S LAN

Jounen Lekòl SAT School Day

ENTRIKSYON JENERAL

- Ou gendwa travay sèlman sou yon modil alafwa.
- Si ou fini yon modil anvan lè an rive, verifye travay ou an nan modil sa a sèlman. Ou PA ka tounen nan okenn lòt modil.

MAKE REPONS OU YO

- Asire w reponn kesyon ou yo kòm sadwa nan liv sa a.
- Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide ou, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon repons ki ansèkle, oswa pou kesyon ki pa gen repons ki ansèkle.

ITILIZE LIV TÈ S OU AN

- Ou gendwa itilize liv tè s lan pou travay bwouyon.
- Ou pa ka pliye oswa retire paj oswa pòsyon nan yon paj nan liv sa a, oswa soti ak liv lan nan sal tè s lan.

SEKIRITE TÈ S LAN

Ou lye ak règ ki suiv yo la pou tè s jodi an.

- Ou pa ka bay oswa resevwa èd pandan tè s lan. Ou pa ka pataje oswa pibliye anyen ki lye ak tè s sa a.
- Repons ou yo dwe se pa w nan tout entegralite yo. College Board pral revize repons ou yo.
- Si ou tante pran poul, nòt ou yo ap anile, biwo admisyon nan fakilte yo gendwa enfòme, e ou ap diskalifye pou pran nenpòt egzamen AP®, SAT®, oswa CLEP®.

AKÈ ELÈV YO

Pou tè s ou an note, ou dwe li deklarasyon ki suiv lan, koche akote “I agree” (“Mwen dakò”) epi siyen non ou.

Mwen se moun ki sipoze pase tè s sa a. Mwen dakò suiv règ ki anwo yo epi konprann sa k pral rive si mwen brize yo.

Mwen dakò


Siyati m: _____

Lide ki nan pasaj yo pou tè s sa a, yo pran kèk ladan yo kòm ekstrè oswa yo adapte yo apati dokiman ki pibliye, pa nesèsman reprezante opinyon College Board.

PA OUVRI LIV SA A JOUK SIVEYAN AN DI OU FÈ SA.

2 Kòmanse Tès lan

2.1 Seksyon Lekti ak Redaksyon: Modil 1

 Lè estanda pou modil sa a se **39 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo. Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kòmanse teste ak premye modil seksyon Lekti ak Redaksyon an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 39 minit pou travay sou Modil 1 an. Mwen ap afiche lè pou kòmanse epi fini yo, epi mwen ap enfòmè nou lè gen 5 minit ki rete.

Kenbe liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Ansèkle lèt repons ou chwazi an nan liv tès ou an. Ansèkle sèlman 1 repons pou chak kesyon. Plizyè repons ki ansèkle pou 1 kesyon ap konte antanke yon repons ki enkorèk. Si ou sote yon kesyon, asire w ou kite ase tan pou tounen ladan l pita. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib. Ou gendwa itilize liv tès ou an pou travay bwouyon men asire w ou byen ansèkle yon grenn repons sèlman.


Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan.

Kounya, ouvri tès ou an nan premye modil lan nan seksyon Lekti ak Redaksyon an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay. Bòn chans, tout moun.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.1.1 Enstriksyon pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an

 Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo nan liv tès ou an pou Modil 1 Lekti ak Redaksyon an.

33 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans nan lekti ak redaksyon ki enpòtan. Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresya chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan.

Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

2.1.2 Pandan Modil lan

Apre 34 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 1 an.

Apre egzakteman 39 minit, siveyan ou an pral di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.2 Seksyon Lekti ak Redaksyon: Modil 2



Lè estanda pou modil sa a se **39 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon tès lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo. Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou pral kontinye teste ak dezyèm modil seksyon Lekti ak Redaksyon an. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 39 minit pou travay sou Modil 2 an. M ap afiche lè pou kòmanse ak kanpe yo, epi m ap fè nou konnen lè gen 5 minit ki rete.

Kenbe liv tès ou an kouche sou biwo ou an. Ansèkle lèt repons ou chwazi an nan liv tès ou an. Ansèkle sèlman 1 repons pou chak kesyon. Plizyè repons ki ansèkle pou 1 kesyon ap konte antanke yon repons ki enkòrèk. Si ou sote yon kesyon, asire w ou kite ase tan pou tounen ladan l pita. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib. Ou gendwa itilize liv tès ou an pou travay bwouyon men asire w ou byen ansèkle yon grenn repons sèlman.

Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil tès lan.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan dezyèm modil lan nan seksyon Lekti ak Redaksyon an. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.2.1 Enstriksyon pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo nan liv tès ou an pou Modil 2 Lekti ak Redaksyon an.

33 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans nan lekti ak redaksyon ki enpòtan. Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresya chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan.

Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

2.2.2 Pandan Modil lan

Apre 34 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 2 an.

Apre egzakteman 39 minit, siveyan ou an pral di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.2.3 Apre Modil 2

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Fèmen liv tès ou an epi kite l sou biwo ou an.

Pou poz lan, siveyan ou an pral di:

Nou pral kanpe kounya pou yon poz 10 minit. Tanpri koute règ sa yo ak atansyon:


- Pa diskite sou kesyon tè s yo ak pèsòn oswa aksede ak okenn aparèy elektwonik pandan poz sa a oswa tout lòt poz pandan tè s lan.
- Si ou bezwen kite sal lan, ale sèlman nan zòn ki deziyen yo, koulwa a, oswa twalèt lan.
- Yo otorize ti goute ak bwason yo nan espas ki deziyen yo sèlman.
- Tanpri gen konsiderasyon pou elèv k ap travay nan lòt sal yo epi pa pale nan koulwa a.

Nou pral kòmanse pase tè s lan ankò nan egzakteman 10 minit.

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou. Pa ouvri okenn seksyon nan tè s lan jouk mwen di nou fè sa.

2.3 Seksyon Matematik: Modil 1

 Lè estanda pou modil sa a se **43 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon tè s lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo. Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye teste ak premye modil seksyon matematik lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 43 minit pou travay sou Modil 1 an. Mwen ap afiche lè pou kòmanse epi fini yo, epi mwen ap enfòmè nou lè gen 5 minit ki rete.

Kenbe liv tè s ou an kouche sou biwo ou an. Ansèkle lèt repons ou chwazi an nan liv tè s ou an. Ansèkle sèlman 1 repons pou chak kesyon. Plizyè repons ki ansèkle pou 1 kesyon ap konte antanke yon repons ki enkorèk. Si ou sote yon kesyon, asire w ou kite ase tan pou tounen ladan l pita. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib. Ou gendwa itilize liv tè s ou an pou travay bwouyon men asire w ou byen ansèkle yon grenn repons sèlman.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men gen kèk kesyon se repons elèv bay. Enstriksyon yo pou ranplisaj repons ou yo pou kesyon sa yo nan liv tè s ou an. Ou ap ekri repons ou an akote oswa anba kesyon tè s lan epi ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou anyen ki ekri andeyò sèk lan.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Ou gendwa itilize yon kalkilatri pou modil sa a. Si ou gen yon kalkilatri, tanpri retire kouvèti an epi mete kalkilatri lan sou biwo ou an kounya. Kenbe kouvèti kalkilatri ou an atè an anban biwo ou an pandan tè s lan.

Menm si ou otorize pou itilize yon kalkilatri pou modil sa a, tout kesyon yo ka reponn san yon kalkilatri.

Si ou itilize yon kalkilatri, sonje pou ou suiv direktiv sa yo:

- Kite kalkilatri ou an kouche dwat sou biwo ou an oswa kenbe l pou lòt elèv yo pa ka gade travay ou an.
- Pa pataje oswa chanje kalkilatri ou an.

- Si ou gen yon kalkilatris oswa pil pou ijans, kite yo atè an anba biwo ou an.
- Si kalkilatris ou an ap bay pwoblèm epi ou gen pil oswa yon kalkilatris pou ranplasman, leve men ou. Mwen pral vin asiste ou. Si ou pa gen yon kalkilatris pou ijans, kontinye tès lan epi fè tout sa ou ka fè.


Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou sou modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil nan tès lan.

Kounya, ouvri liv tès ou an nan premye modil lan nan seksyon matematik lan. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tès lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.3.1 Enstriksyon pou Modil 1 nan Matematik lan

 Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ki nan liv tès ou an pou Modil 1 nan Matematik lan.

27 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans ki enpòtan nan matematik.


Itilizasyon yon kalkilatris otorize pou tout kesyon yo.

NÒT

Amwenske yo endike l yon lòt jan:


- Tout varyab ak ekspresyon yo reprezante nonb reyèl.
- Chema yo bay yo desinen sou yon echèl.
- Tout chema yo chita sou yon plan.
- Domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x kote $f(x)$ se yon nonb reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

Pou kesyon chwa miltip yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki kòrèk lan apati chwa yo bay yo, epi apresya ansèkle repons ou an nan liv sa a. Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon sèl repons ki ansèkle oswa pou kesyon ki pa gen okenn repons ki ansèkle.

Pou kesyon ak repons elèv yo pwodui, rezoud chak pwoblèm epi ekri repons ou an akote oswa anba kesyon an nan liv tèl lan jan sa dekri anba a.

- Yon fwa ou ekri repons ou an, ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou okenn bagay ki ekri andeyò sèk lan, oswa pou nenpòt kesyon ak plis pase yon repons ki ansèkle.
- Si ou jwenn **plis pase yon repons kòrèk**, ekri epi ansèkle yon repons sèlman.
- Repons ou an ka gen jiska 5 karaktè pou yon repons **pozitif** epi jiska 6 karaktè (ansanm ak siy negatif lan) pou yon repons **negatif**, men pa plis.
- Si repons ou an se yon **fraksyon** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), ekri ekivalan desimal lan.
- Si repons ou an se yon **desimal** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), twonke l oswa awondi l nan katyèm chif lan.
- Si repons ou an se yon **nonb melanje** (tankou $3\frac{1}{2}$), ekri l antanke yon move fraksyon ($7/2$) oswa ekivalan desimal li an (3.5).
- Pa mete ladan l **senbòl** tankou yon siy pousantaj, vigil, oswa siy dola nan repons ki ansèkle ou an.

2.3.2 Pandan Modil lan


Aprè 38 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 1 an.

Aprè egzakteman 43 minit, siveyan ou an pral di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.4 Seksyon Matematik: Modil 2

 Lè estanda pou modil sa a se **43 minit**. Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, kwonometraj ak poz ou yo gendwa diferan. Tanpri koute ak atansyon anons siveyan ou an li yo. Yon tradiksyon enstriksyon tèl lan parèt apre enstriksyon oral ki tradui yo. Lè tout moun pare, siveyan ou an pral di:

Nou ap kontinye teste ak dezyèm modil seksyon matematik lan. Yon fwa nou kòmanse, ou ap gen 43 minit pou travay sou Modil 2 an. Mwen ap afiche lè pou kòmanse ak pou fini yo, e mwen ap enfòmè nou lè gen 5 minit ki rete.

Kenbe liv tèl ou an kouche sou biwo ou an. Ansèkle lèt repons ou chwazi an nan liv tèl ou an. Ansèkle sèlman 1 repons pou chak kesyon. Plizyè repons ki ansèkle pou 1 kesyon ap konte antanke yon repons ki enkòrèk. Si ou sote yon kesyon, asire w ou kite ase tan pou tounen ladan l pita. Si ou chanje repons ou an, efase l nèt otan l posib. Ou gendwa itilize liv tèl ou an pou travay bwouyon men asire w ou ansèkle yon grenn repons sèlman.

Pifò kesyon yo se chwa miltip, men gen kèk kesyon se repons elèv bay. Ou ap ekri repons ou an akote oswa anba kesyon tèl lan epi ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou anyen ki ekri andeyò sèk lan.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Ou gendwa kontinye itilize yon kalkilatis pou seksyon sa a.


Si ou fini anvan mwen di tan rive, ou gendwa verifye travay ou nan modil sa a, men ou pa ka ale nan okenn lòt modil tèl lan.

Kounya, ouvri liv tèl ou an nan dezyèm modil lan nan seksyon matematik lan. Li enstriksyon yo epi kòmanse travay.

Pou kòmanse tèl lan, siveyan ou an ap di:

Lè an kòmanse kounya.

2.4.1 Enstriksyon pou Modil 2 nan Matematik

 Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ki nan liv tèl ou an pou Modil 2 nan Matematik lan.

27 KESYON (LÈ ESTANDA)

ENSTRIKSYON

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans ki enpòtan nan matematik.


Itilizasyon yon kalkilatis otorize pou tout kesyon yo.

NÒT

Amwenske yo endike l yon lòt jan:


- Tout varyab ak ekspresyon yo reprezante nonb reyèl.
- Chema yo bay yo desinen sou yon echèl.
- Tout chema yo chita sou yon plan.
- Domèn yon fonksyon kèlkonk f se seri tout nonb reyèl x kote $f(x)$ se yon nonb reyèl.

REFERANS




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$





$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$



Triyang Rektang Espesyal




$$V = l w h$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l w h$$

Kantite degre ak ki nan yon sèk se 360.

Kantite reyon ak nan yon sèk se 2π .

Adisyon mezi an degre ang yon triyang se 180.

Pou kesyon chwa miltip yo, rezoud chak pwoblèm, chwazi repons ki kòrèk lan apati chwa yo bay yo, epi apresya ansèkle repons ou an nan liv sa a. Ansèkle yon sèl grenn repons pou chak kesyon. Si ou chanje lide, efase totalman sèk lan. Ou pa p jwenn kredi pou kesyon ki gen plis pase yon sèl repons ki ansèkle oswa pou kesyon ki pa gen okenn repons ki ansèkle.

Pou kesyon ak repons elèv yo pwodui, rezoud chak pwoblèm epi ekri repons ou an akote oswa anba kesyon an nan liv tèl lan jan sa dekri anba a.

- Yon fwa ou ekri repons ou an, ansèkle l byen klè. Ou pa p resevwa kredi pou okenn bagay ki ekri andeyò sèk lan, oswa pou nenpòt kesyon ak plis pase yon repons ki ansèkle.
- Si ou jwenn **plis pase yon repons kòrèk**, ekri epi ansèkle yon repons sèlman.
- Repons ou an ka gen jiska 5 karaktè pou yon repons **pozitif** epi jiska 6 karaktè (ansanm ak siy negatif lan) pou yon repons **negatif**, men pa plis.
- Si repons ou an se yon **fraksyon** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), ekri ekivalan desimal lan.
- Si repons ou an se yon **desimal** ki twò long (plis pase 5 karaktè pou pozitif, 6 karaktè pou negatif), twonke l oswa awondi l nan katyèm chif lan.
- Si repons ou an se yon **nonb melanje** (tankou $3\frac{1}{2}$), ekri l antanke yon move fraksyon ($7/2$) oswa ekivalan desimal li an (3.5).
- Pa mete ladan l **senbòl** tankou yon siy pousantaj, vigil, oswa siy dola nan repons ki ansèkle ou an.

2.4.2 Pandan Modil lan

Aprè 38 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 5 minit ki rete nan Modil 2 an.

Aprè egzakteman 43 minit, siveyan ou an pral di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an.

2.4.3 Apre Modil 2

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Fèmen liv tèl ou an epi kite l sou biwo ou an.

2.5 Seksyon Disètasyon nan SAT an

2.5.1 Anvan Disètasyon an

Pou anonse poz lan, siveyan ou an ap di:

Mete kalkilatriis ou an anba biwo ou an. Nou pral pran yon poz kounya pou nou detire pandan 5 minit. Ou pa gen dwa kite sal la oswa diskite sou kesyon tèl yo.

Poz 5 minit

Nan fen poz lan, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita nan plas ou.

2.5.2 Distribisyon Dokiman Disètasyon yo

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Kounya mwen ap bay yon liv Disètasyon ak yon fèy repons pou chak grenn nan nou. Pa ouvè liv Disètasyon ou an jouk mwen di ou pou ou fè sa a.

Siveyan ou an pral kontinye di:

Lè ou resevwa liv Disètasyon ou an, vire l epi ekri siyati ou, prenon ou ak inisyal dezyèm prenon ou, si ou gen youn, an karaktè enprimri. Apresa enprime kòd _____ ak non _____ lekòl sa a, ak kòd sal (oswa non) sal tès sa a _____, mwen afiche pou nou an.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Ranpli non legal konplè ou nan chan 1 an kounya. Mete espas, trèdinyon oswa apwostwòf si sa yo fè pati non ou. Ekri lèt yo nan karaktè enprimri an majiskil nan kaz yo, apresa ranpli boul ki koresponn yo. Asire ou chak mak yo fonsè epi yo totalman ranpli boul lan.

Prenon ou dwe prenon legal ou. Si ou itilize yon prenon ou pito e ou gen yon kont College Board sou entènèt, ou ka antre l la. College Board itilize non legal ou nan jou tès lan pou konfime idantite ou, men yo ap itilize prenon ou pito an nan tout lòt kominikasyon ak ou.

Verifye lè ou fini.

Pou chan 2 an, siveyan ou an pral di:

Si ale nan lekòl sa a, ekri kòd lekòl 6 chif nou an _____ nan chan 2 an epi ranpli boul ki koresponn yo. Verifye lè ou fini.

Si ou pa frekante lekòl sa a oswa ou resevwa enstriksyon lakay ou, leve men ou. Mwen pral vini jwenn ou pou ba ou kòd ki kòrèk lan pou ou antre nan chan 2 lan.

Pou chan 3 ak 4 yo, siveyan ou an pral di:

Si ou ale nan lekòl sa a, ranpli boul lan pou "wi" nan chan 3 epi ekri non, vil ak Eta lekòl lan nan chan 4 lan. Si ou pa vin nan lekòl sa a souvan, ranpli boul ki aplike ak ou an nan chan 3 a epi ekri enfòmasyon lekòl ou an nan chan 4 lan. Leve men ou si ou pa sèten kisa pou ou ranpli.

Pou chan 5 lan, siveyan ou an pral di:

Gade biyè koneksyon ou an, epi chèche Nimewo Enskripsyon ou an. Ekri nonb 10 chif yo nan bwat yo pou chan 5 lan nan boul ki koresponn yo.

Pou chan 6 la, siveyan ou an pral di:

Nan chan 6 lan, ranpli mwa, jou epi 2 dènye chif nan ane ou te fèt lan. Kòmanse ak yon zewo si ou ap ranpli yon sèl chif. Ranpli boul ki koresponn yo epi verifye lè ou fini.

Pou chan 7 lan, siveyan ou an pral di:

Lè ou pare pou ranpli nimewo ID Eta ou an nan chan 7 lan, leve men ou.

Important: Elèv yo dwe ekri disètasyon yo an sou fèy repons yo an. Ou gendwa pa itilize papye bwouyon.

Siveyan ou an pral bay elèv yo enstriksyon l ka anrejistre disètasyon an.

Kounya mwen pral ba ou kèk enstriksyon pou ede ou asire disètasyon ou an note ak presizyon.

- Itilize paj plan ki pa gen liy lan pou pran nòt epi planifye disètasyon ou an. Pa gen anyen ou ekri sou paj ki pa gen liy lan ki pral note.
- Lè ou pare, kòmanse ekri disètasyon ou an nan premye paj ki gen liy lan, ki di "Begin Your Essay Here ("Kòmanse Disètasyon Ou an La")." Ekri disètasyon ou an sou paj sa yo ki gen liy lan epi nan espas maj yo ki make an.
- Itilize yon kreyon Nimewo 2. Si ou pa itilize yon kreyon oswa si ou kite paj yo vid, ou pral resevwa yon nòt zewo pou Disètasyon an.
- Disètasyon ou an dwe rete nan limit paj yo bay yo. Pa ekri anyen apre mo "STOP" lan nan dènye paj ki gen liy lan, paske tout sa ki ekri apre pati sa a pa p note.

2.5.3 **Kwometre Disètasyon an**

Pou kòmanse Disètasyon an, siveyan ou an pral di:

Yon fwa nou kòmanse, nou pral gen 50 minit pou travay sou seksyon Disètasyon an. Mwen pral afiche lè pou derape ak pou fini yo, epi m ap fè ou konnen kilè nou rive nan mwatye tan nan seksyon an epi lè nou rete 5 minit pou nou fini. Kenbe fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an kouche sou biwo ou an.

Tanpri pa siyen disètasyon ou an oswa ajoute non ou ladan l (menm jan ak "By Jane Doe" ("Se Jane Doe ki fè l")). Fè yon bagay konsa ka retade nòt disètasyon ou an.

Kounya li enstriksyon yo, apres a ale nan kesyon Disètasyon an epi kòmanse travay. Lè an kòmanse kounya.

Après 25 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 25 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Après 45 minit, siveyan ou an pral di:

Ou gen 5 minit ki rete nan seksyon Disètasyon an.

Après egzakteman 50 minit, siveyan ou an pral di:

Sispann travay epi depoze kreyon ou an. Fèmen fèy repons ou an ak liv Disètasyon ou an. Mete fèy repons ou an fas anlè akote liv Disètasyon ou an.

Ak tout elèv yo, siveyan ou an pral di:

Felisitasyon, ou fini tès lan. Tanpri chita san fè bri pandan mwen ap ranmase dokiman Disètasyon nou yo.

Après l fin ranmase dokiman nou yo, siveyan nou an ap sote pou al nan [Anvan Ranvwa](#)

3 Ranvwa

Yon fwa tès lan fini, siveyan ou an ap di:

Felisitasyon. Ou fini SAT an. Kèlkeswa jan ou santi sa te pase, ou akonpli anpil bagay jodi an jis dèske ou la jodi an epi ou fini tès lan.

Ansuit, siveyan ou an pral di:

Tanpri chita san fè bri pandan mwen ap ranmase epi konte liv tès nou yo.

3.1 Anvan Ranvwa

Apren li fin konte tout dokiman yo, siveyan ou an pral di:

Sonje, lè ou soumèt repons ou yo, ou dakò ou pa p soti ak okenn kesyon tès lan nan sal klas tès lan, bay okenn moun yo l, oswa diskite sou yo ak okenn moun nan imèl, mesaj tèks, sou entènèt oswa nenpòt ki lòt fason. Sa ede asire tout elèv yo gen yon eksperyans tès ki jis epi egal. Si ou te wè nenpòt bagay jodi an ki ba w enkyetid, vini epi pale avè m anvan ou ale.

Si ou vle anile nòt ou yo, tanpri wè avèk mwen anvan ou deplase.

Ou gen twa jou pou mete kat chwa kote ou ap voye nòt ou yo ale gratis lan nan Bluebook. Si ou vle fè sa, ou ap bezwen biyè koneksyon ou an, kidonk kenbe l yon kote ki ansekirite. Si ou bezwen asistans pou ou jwenn aksè ak Bluebook, tanpri wè ak konseye ou an.

Jan mwen te di l nan kòmansman tès lan, si yon moun vyole nenpòt nan politik ki lye ak sekirite tès lan, nòt yo ap anile e yo gendwa anpeche yo pase lòt tès College Board alavni.

Tanpri tann nan plas ou jouk mwen voye ranje ou an ale. Nan pwent sa a, ou gendwa rasanble afè ou yo epi vin ranmase nenpòt bagay ou te remèt anvan tès lan. Pandan ou ap soti, tanpri konsidere moun ki toujou ap travay nan lòt sal yo. Ankò, felisitasyon pou travay difisil ou an jodi an.

Siveyan ou an ap ranmase ti liv sa a nan men ou anvan ou ale.